

13

novanm

Lè m ap gade syèl ou fè ak men ou lan, lalin ak zetwal ou mete ladan li, m ap mande : kisa lèzòm ye menm pou w sonje yo konsa ? Kisa yo ye menm pou ou pran ka yo konsa ? Sòm 8. 3, 4

Kisa lòm ye ?

Li Sòm 8

Eske nou pa janm etone lè n ap gade syèl la ak kantite zetwal pèsounn pa ka konte k ap briye ladann ? Konbyen nou santi nou piti devan tout kantite zetwal sa yo ? Kisa mye devan gran gran linivè sa a ak tout richès li yo Bondye plase nan lespas ?

Lè nou gade tout bagay sa yo, sa fè nou tranble, menm kote a tou, li fè nou pa pè anyen. E kòm tou natirèlman n ap chache Bondye. Konsa, nou toujou ap poze yon seri kesyon : Kilès Dye sa ki kreye zetwal yo ? Eske latè ak moun k ap viv ladann, jan yo tou piti e pèdi nan gran linivè sa a, enterese l ? Eske mwen menm pèsònèlman, youn pami plizyè milya moun k ap viv sou latè, enterese l ?

Kesyon nou yo jwenn ak kesyon otè Sòm 8 la ap poze la : “kisa lèzòm ye menm pou w sonje yo konsa ? Kisa m ye menm pou ou pran ka yo konsa ?” Kisa lèzòm ye menm devan gwo linivè sa a ? Poutan, lèzòm enterese Bondye, Li sonje yo. Nou gen valè devan je Li. Nou pa sèl nan gran linivè a, ni egare nan yon linivè ki pa vle wè nou, nou benefisye swen Bondye chak jou.

Sòm sa a fè nou sezi wè tou jan levanjil la se yon mistè, bagay nou pa t ap janm kwè, Bondye vin jwenn nou sou latè nan Jezi Kris, pitit lòm lan ; se konsa Li te konn renmen prezante Li. Men, Li se moun ki konnen anpil doulè tou e Li se moun ki merite tout glwa : “nou wè Jezi ki te fè Li vin pi piti pase zanj yo akòz soufrans lanmò, Li resevwa glwa ak onè” (Ebre 2. 6-9).

13 novembre

Quand je regarde tes cieux, l'ouvrage de tes doigts, la lune et les étoiles que tu as disposées : Qu'est-ce que l'homme, que tu te souviennes de lui, et le fils de l'homme, que tu le visites ? Psaume 8. 3, 4

Qu'est-ce que l'homme ?

Lire le Psaume 8

N'avons-nous jamais été saisis en contemplant les étoiles scintillantes, innombrables dans le ciel ? Combien nous nous sommes alors sentis petits devant cette immensité ! Que suis-je face à cet immense univers, face à ces richesses infinies dont Dieu a constellé la voûte du ciel ?

Cette contemplation nous fait frissonner, et pourtant nous apaise. Et comme instinctivement, nous nous tournons vers Dieu. Alors toute une série de questions montent en nous : Qui est ce Dieu qui a créé les étoiles ? S'intéresse-t-il à la terre et aux hommes, si petits, perdus dans l'univers ? S'intéresserait-il à moi personnellement, un parmi les milliards d'humains qui peuplent la planète ?

Nos interrogations rejoignent les questions posées dans ce Psaume 8 : "Qu'est-ce que l'homme, que tu te souviennes de lui, et le fils de l'homme, que tu le visites ?" Qu'est-ce que l'homme devant l'univers immense ? Et pourtant, Dieu s'intéresse à lui, Dieu se souvient de lui. Nous avons du prix pour lui. Nous ne sommes pas seuls, perdus dans un univers hostile, nous bénéficions constamment des soins de Dieu.

Quel émerveillement aussi dans ce psaume devant le mystère de l'évangile : Dieu vient à nous en Jésus, le Fils de l'homme ; c'est ainsi qu'il aimait se présenter. Mais il est aussi l'homme de douleurs et l'homme à qui seul revient la gloire : "Nous voyons Jésus, qui a été fait un peu moindre que les anges à cause de la souffrance de la mort, couronné de gloire et d'honneur" (Hébreux 2. 6-9).